

Reyalite

- Yo rapòte jiska 42% jèn te jwenn entimidasyon sou entènèt
- 16% jèn rapòte yo te entimide lòt sou entènèt la
- Plis nan entimidasyon sa yo se manke respè ak bay moun non. Men, plis pase 12% elèv di yo te jwenn menas fizik sou entènèt
- **MWENS PASE 15% VIKTIM DI**

ANNDAN KEKSYON SA A

Entimidatè a fè l Pase pou Viktim 2

Moral sou Entènèt 3

Konsève Foto sou Ekran 4

Rekou sou Entènèt 4

Trete Kesyon Entimidasyon 5

Pitit ou se yon Entimi- 6

Fè Rechèch sou ou nan 6

ANSANM KONT ENTIMIDASYON SOU ENTÈNÈT

ANSANM KONT ENTIMIDASYON

Entimidasyon sou Entènèt: Pwoteje Pitit Gason ak Pitit Fi w

Konsèy Prevansyon Krim nan Nasyon an define cyberbullying (Entimidasyon sou entènèt) kòm “lè y’ap itilize entènèt, selilè oswa lòt materyèl pou voye oubyen afiche tèks oubyen foto pou fwase lòt moun oswa pou fè yo wont.” Cyberbullying kapab senp tankou plede voye mesaj tèks bay yon moun ki te mande pou sispann voye mesaj ba li. Men, li kapab dejenere jiska bay moun nan pote non epi pase l nan rizib, fè l menas oswa afiche tèks oubyen foto ki deplase pou kapab imilye e degrade li.

Cyberbullying pa menm ak lòt fòm entimidasyon fas a fas anpil paran konnen yo. Anvan teknoloji te avanse konsa, lakay la se te teritwa timoun yo. Yo te ka ap pouse w nan lekòl la oswa anmède w nan vwazinaj la. Men, yon fwa w antre lakay, ou te an sekirite. Kounye a selilè jèn nan toujou pandye sou li e se nan chanm timoun yo ou jwenn òdinatè. Paran pa sipèvize aktivite timoun yo ap fè sou entènèt la ak nan telefòn selilè yo jan relasyon fas a fas ye. Sa vle di entimidatè gen aksè ak nenpòt sib, nenpòt kote e nenpòt ki lè.

Entimidatè yo diferan tou. Yo ka kache dèyè yon ekran òdinatè san moun pa konnen pou yo sible lòt moun. Jwèt kachkach sa a kapab ankouraje lòt jèn, ki pa t’ap janm chache lòt kont fas a fas, pou yo

lache raj yo sou lòt jèn pou entimide yo sou entènèt.

Kòm paran, w’ap mande w, ki sa m dwe fè? Mwen pa yon teknisyen òdinatè! Sa ki bon an, ou pa bezwen yon save nan òdinatè pou w pwoteje pitit ou. Menm bagay ou fè pou w pwoteje timoun yo chak jou kapab itilize pou w pwoteje yo lè yo sou entènèt la tou ak lè y’ap itilize lòt materyèl kominikasyon. Nan lavi reyèl, paran pale ak pitit yo, yo konnen ki kote yo ye e ki sa y’ap fè. Paran trase limit, tankou lè pou pitit ou pa soti, e yo kontwole konpòtman pitit yo pou rasire yo y’ap règleman lakay la ap respekte. Se menm bagay la pou lavi sou entènèt la. Konnen ki kote pitit ou prale sou entènèt e ki sa y’ap fè. Konnen ki moun ki zanmi yo e trase limit. Rasire w òdinatè lakay la nan yon plas kote w’ap pase souvan pou w ka kontwole aktivite pitit ou. Pi fò nan entimidasyon sou entènèt rive andeyò etablisman lekòl la. Ou se premye liy defans pitit ou. Se ou ki pwotektè a. Keksyon “Ansanm Kont Entimidasyon” sa a ap ede w pou rasire w ou gen ase zouti ak konesans ou bezwen pou w kenbe pitit ou an sekirite.



Misyon Lekòl nan Depatman Polk la se mete lekòl kalite siperyè pou tout elèv.

Wòl Prensipal Entimidasyon sou Entènèt

Entimidatè yo sitou santi konpòtman yo a jistifye e yo vrèman panse sa y'ap fè a se yon “blag”. Prèske 20% jèn k'ap entimide lòt moun sou entènèt fè sa pandan yo fè tèt yo pase pou yon lòt moun, yon fason pou yo fè yon lòt moun wont oswa pou yo vòlè enfòmasyon pèsònèl moun nan. Anplis, 17% jèn yo te entimide rapòte te gen yon moun ki afiche mansanj sou do yo sou entènèt la, e gen yon lòt 10% ki rapòte te gen yon moun ki afiche foto ki deplase sou entènèt san pèmasyon yo. Menm lè chak sityasyon pa menm, yo kapab mete entimidatè yo nan youn nan 4 kategori ki pa fin byen detaye pi ba yo.

“Vengeful Angels” = Anj Vanjans—Jèn sa yo entimide moun kòm yon mwayen pou yo pwoteje tèt yo oswa yon lòt moun yo apèsi ki ta yon sib. Moun sa yo sanble ak mavericks (ki koupe fache ak ansyen prensip yo) ansyen Tan ki fè tèt yo jistis olye y'ale fè rapò bay granmoun ki kapab ede yo.

“Power-Hungry” = Pouwwa-Grangou—Jèn sa yo sanble ak entimidatè tradisyonèl yo. Entimidasyon se jis yon nouvo fwontyè pou yo e yo itilize kòm mwayen pou yo santi yo pisan e yo kontwole lòt yo nan itilizasyon laperèz. Jèn sa yo renmen lè zye piblik sou yo.

“Mean Girls” = Jèn Fi Mechan—Anpil fwa, jèn fi entimide lòt nan fè bwi kouri e yo lakoz lòt jèn fi yo pa ka rete nan sosyete a oswa sosyete a ap pase yo nan rizib. Yo pran elan nan atansyon ak dram sityasyon an kreye. Yo fè sa nan objektif pou yo gen pisans e pou yo kontwole lòt. Yo fè kalite entimidasyon sa a poukont yo oswa an gwoup pandan yo kache dèyè yon ekran òdinatè. Se entènèt la ki ba yo mwayen pou yo prezante kalite konpòtman sa a.

“Inadvertent” = San Atann—Moun sa yo pa panse yo se entimidatè. Yo ka reyaji ak mesaj yo resevwa, voye yon mesaj deregle ki konsènen yon moun bay yon lòt moun, oswa “ap jwe” e yo pa reyalize danje ki genyen nan kalite konpòtman yo genyen an.

Entimidatè a fè tèt li Pase pou Viktim

“Cyberbullying by proxy” se lè entimidatè a fè tèt li pase pou viktim nan kote moun ki viktim nan sanble se li k'ap kreye pwoblèm nan. Nan jèn ki te patisipe nan ankèt yo, 13% aprann te gen yon entimidatè ki te fèt li pase pou yo menm pandan entimidatè sa a t'ap kominike ak yon lòt.

Mwayen prensipal yon entimidatè fè atak li se lè entimidatè sa a itilize modpas sib la pou l gen aksè nan enfòmasyon, pretann li se sib la epi voye mesaj gwosye e mesaj rayizans bay tout moun ki nan lis “zanmi” oswa “konpayèl” sib la. Zanmi sa yo kounye a vin fache kont sib la akòz mesaj deregle sa yo e yo panse se li menm ki voye yo.

“Warning” oswa “Notify Wars” se lè timoun yo vòlè klike sou bouton “warning” oswa “notify” IM oswa ekran dyalòg yo oubyen email pou alète ISP oswa pouwayè sèvis la pou yo di l sib la te fè yon bagay ki vyole youn nan règ itilizasyon sèvis la. Si sib la resevwa ase avètisman ak remak, pouwayè a ka koupe sèvis li e li ka pèdi kont entènèt la. Menm si pouwayè a kapab verifye si yon avètisman jistifye, nan moman sa a, entimidatè a swete li ka fè sib la fache nan pwen pou pouse l ekri yon bagay gwosye oswa rayizans tou kont entimidatè a, ki lè sa a ap jwenn “prèv” te gen yon vyolasyon ki te fèt vre. Anplis, si entimidatè a kapab montre sib la te fè yon bagay mal, yo ka kontakte paran viktim nan, e paran an kapab pini li injisteman!

Kèk fwa, entimidatè ki fè tèt yo pase pou viktim yo kapab pi serye toujou. Piske yo gen enfòmasyon pèsònèl sib la, yo ka ou byen afiche enfòmasyon an oswa parèt kòm sib nan yon sal dyalòg òdinatè gwoup rayizans oswa sou tablo enfòmasyon yo pou eseye ensite moun ki manm gwoup sa yo reponn sib la ak menas. Si w panse pitit ou te viktim nan itilizasyon rayizans oswa gwoup deregle sa yo, ou dwe kontakte lapolis imedyatman. Rasire w ou konsève tout enfòmasyon itil pou w montre otorite yo.

Anseye Moral sou Entènèt Lakay la

Prepare Espas ou!

- Mete òdinatè a kote moun toujou ap pase nan kay la, e piga mete òdinatè, tankou laptops nan chanm timoun. Fè l vin yon règ: si w'ap pase epi pitit ou chanje ekran an oswa etenn ekran an, pa gen entènèt pou fen semèn nan.
- Limite kantite tan pou pitit ou fè nan entènèt e planifye ki lè pou yo pa ale nan entènèt ak itilize telefòn selilè (Pa egzanp: pa itilize apre 10:00 p.m.)

Pale ak Pitit ou!

- Pale ak jèn adolesan w lan konsènan danje ki genyen nan entènèt la. Pandan entènèt kapab yon gwo sous enfòmasyon, li gen danje ki mache avèk l tou.
- Di jèn pitit ou pou yo pa janm afiche enfòmasyon pèsònèl yo sou entènèt, tankou non yo, adrès, nimewo telefòn, lekòl yo, oswa aktivite an gwoup/aktivite apre lekòl lage. Ou menm tou, ou pa dwe afiche enfòmasyon pèsònèl ou sou entènèt non plis. Kont entènèt MySpace paran kapab devwale enfòmasyon ki ta dwe sèlman nan liv bon moman yon granmè e enfòmasyon sa a kapab mete ou menm ak fanmi w an danje.
- Di pitit ou yo pa dwe JANM planifye rankont ak yon moun yo konnen sèlman sou entènèt—jenn gason sa a ki gen 15 lane ki rete Daytona a kapab an reyalyte yon granmoun 45 lane tèt chòv ki genyen yon kamyonèt.
- Aprann ki sa jèn yo ap fè sou entènèt la. Vizite sit pitit ou ap frekante. Si w pa konn anyen sou Facebook oswa MySpace oswa lòt sit sosyal, mande jèn pitit ou a pou l ede w. Fè yo ede w prepare pwòp paj pa w. Abityèlman yo santi yo pi kontan toujou pou yo montre w teknik entelijans yo. Chache wè ki sa pou w siveye (long lis zanmi, bwat verite, etc.)
- Anseye timoun yo kouman pou yo rekonèt entimidatè e di yo pou yo pa angaje yo nan jan aktivite sa yo. Sa vle di pitit ou pa dwe afiche oswa ekri okenn tèks ki gen karaktè entimidasyon e yo pa dwe voye email oswa tèks ki ka kontinye modèl chache kont bay lòt
- Rasire w tout kont yo gen nan rezo sosyal make “friends only” = zanmi sèlman. Sa vle di ou dwe apwouve yon moun y'ap ajoute nan kont entènèt ou ki pral wè paj ou a. “Zanmi” se sèlman moun pitit ou konnen nan lavi reyèl la.
- **Rasire w elèv yo konnen pa gen ANYEN ki afiche sou entènèt oswa tèks yo ekri ki se bagay PRIVE, menm si li make prive.** Depi yon “zanmi” w ki konn enfòmasyon “prive” w sa a fè yon kopi ladann e afiche l, lemonn antye ap wè enfòmasyon w lan.
- Konnen ki sa pitit ou ap ekri nan paj rezo sosyal li. Objektif sit rezo sosyal yo se jis—pou sosyalize nan rezo a. Si pitit ou vle enfòmasyon ekri yo vin “prive”, achte yon ti liv ajennda ansyen ak kle pou li.
- Rasire w pitit ou konnen yo kapab suiv ki kote entimidatè yo ye epi yo ka ba yo sanksyon. En reyalyte, entimidatè yo kapab bay meyè prèv kont tèt yo—nan sa y'ap ekri.
- Pale ak pitit ou konsènan ki moun ki pou pran entimidasyon an chaj:
 1. Di pitit ou pou yo kontakte w imedyatman si y'ap chache yo kont e di yo pou yo pa reponn entimidatè.
 2. Ede adolesan w lan anrejistre ensidan entimidasyon an. Pran yon foto ekran an entimidatè a te menase pitit ou a. (W'ap jwenn eksplikasyon sou jan pou w pran foto a nan paj 4 la.)
 3. Di pitit ou pou l pa janm chache tire revanj sou entimidatè a. Pa ekri lè w fristre ak lè w fache.




Èske Pitit ou se yon Sib?

Mwens pase 11% jèn di yon paran si yo vize yo nan entimidasyon. Paran yo dwe kale zye yo sou siy ki ka fè yo konnen gen pwoblèm entimidasyon. Pitit ou a kapab vize nan entimidasyon sou entènèt si:

- Li sispann itilize òdinatè san w pa atann
- Li vin nève oswa li enkyè lè yon mesaj parèt nan òdinatè a oswa lè yon nouvo tèks parèt nan telefòn selilè l
- Li sanble l pa alèz pou l ale lekòl oswa pou l soti deyò
- Li sanble l enkyè, fache oswa deprime lè l fin itilize òdinatè
- Lè pitit fi w la pa vle devwale sa l'ap fè nan òdinatè a
- Li yon jan ralanti sou zanmi, manm fanmi e nan aktivite sosyal yo.

—Adapted from www.cyberbullying.us



Rekou sou Entimidasyon nan

stopcyberbullying.org	isafe.org
cyberbullying.org	safeteens.com
stopbullyingnow.hrsa.gov	blogsafety.com
cyberbully.org	onguardonline.gov
wiredsafety.com	ic3.gov (Internet Crime Complaint Center)
netsmartz.org	ncpc.org (National Crime Prevention Council)
netbullies.com	

Pran Foto nan Ekran—Konsève Prèv yo

Yon foto se yon imaj òdinatè a pran pou anrejistre bagay vizib ki parèt nan ekran òdinatè a (www.wikipedia.org). Se yon zouti ki pa gen anpil valè men ki fasil pou itilize pou dokimante entimidasyon sou entènèt.

Etap PC/Windows pou w Pran epi Konsève Foto nan Ekran

1. Fè pati ou vle “fotografye” a parèt klè nan ekran òdinatè w.
2. Peze bouton “PrtScn” a nan klavye w la. W’ap wè li nan kwen anlè adwat klavye a.
3. Ouvri yon nouvo dokiman nan Microsoft Word (oswa nan ekivalan li).
4. Fè klik dwat nan souri w la epi chwazi “paste” nan meni ki parèt la.
5. Yon kopi dokiman an dwe parèt. Apre sa ekri nenpòt enfòmasyon itil tankou non jwèt ou sou entènèt la, adrès email ou, dat, lè ak nenpòt lòt bagay ou ka bezwen pi lwen pou w dokimante ensidan an.
6. Konsève dokiman an nan òdinatè w yon kote pou w sonje l.

Etap Apple pou w Pran e Konsève Foto sou Ekran

1. Fè pati ou vle “fotografye” a parèt byen nan ekran w lan.
2. Peze kòmman Apple + Shift +3. L’ap pran tout enfòmasyon nan dosye a sou fòm ‘picture #’.
3. Ou ka peze kòmman Apple la +Shift +4 pou plis presizyon sou ki pati ou vle “fotografye” a. Sa pèmèt ou itilize souri a pou w chwazi yon pati klè nan ekran w lan pou w pran. Lè kisè w la chanje sou fòm yon kwa, kenbe bouton souri a e trennen l pou w chwazi pati ou vle pran nan ekran an. Lè w lache bouton souri a, w’ap fè foto pati w te chwazi nan ekran an. Peze ‘Esc’ pou w kite modèl sa a ki te ede w pran foto a e retounen kisè a sou fòm flèch nòmal li.

—Reprinted with permission from www.cyberbullying.us



Sexing

Sexting (Mesaj sou Sèks) se echanj foto kò touni oswa kò mwatye ni sou telefòn selilè, e li vin pi kouran lakay jèn yo. Nan yon ankèt nasyonal Cosmo Girl ak Kanpay Nasyonal pou Prevni Gwosès kay Jèn ak Gwosès san Preparasyon te patwone, yo te remake pandan 75% jèn te di sexting se yon move bagay ki ka gen konsekans negatif, te gen 20% jèn ki afiche oswa voye foto ak kò yo mwatye ni oswa touni bay lòt sou entènèt. Menm lè jèn yo okouran foto sa yo ka vin piblik, anpil kapab santi foto pa yo pap pibliye paske yo sèlman voye l bay moun yo fè “konfyans”. Men, gen 1 sou 4 jèn fi ak 1 sou 3 jèn gason ki di yo te voye foto agasan ba yo, san yo pat voye foto sa yo ba yo anvan pou yo wè. Plis foto a oswa enfòmasyon an agasan, se plis lòt moun ap wè li. Li enpòtan tou pou paran yo konprann jèn yo gen yon sans pou “akwoche yo nan lavi reyèl la” ki mache ansanm ak tèks ak email sa yo. Paske li pa twò fasil pou yo wè texting nan e paske l pi fasil pou kache pase yon apèl telefòn, ou ka pa konn anyen k’ap pase lè y’ap texting. Konsa, pale ak jèn adolesan w lan sou texting nan menm si w sispèk ou non. Reflechi sou konsekans sa ka genyen pi devan, sou prensip nan fanmi an e sou prensip lakay la.

Trete Keksyon Entimidasyon an—Paran Gen Pouwa!

Konsève Prèv la. Konsève tout emails, tèks, foto, etc. Konsève tout bagay ki endike te gen entimidasyon ki te rive.

Idantifye Entimidatè a. Sa ka pi difisil pase jan w panse piske entimidatè a kapab fè tèt li pase pou yon lòt moun, oswa se kapab yon ka kote moun k’ap chache kont lan fè tèt li pase pou moun ki viktim nan. Si w ka idantifye entimidasyon a, se pou w bloke l imedyatman pou l pa antre nan sit ou oswa nan email ou. Si w pa konn ki moun ki dèyè kontak entimidasyon an, mande pouwayè ISP w la pou l idantifye ki kote oswa ki konpayi kontak ki espesyalize nan kalite pran enfòmasyon sa a, tankou wiredsafety.org. Yo gen volontè ki ka ede w swiv moun ki dèyè zak entimidasyon an.

Mande Entimidatè a pou l Sispann. Pi fò nan timoun y’ap entimide di yo te mande entimidatè a pou l sispann. Sa ka pa efikas si paran pa foure bouch ladann, e ou menm tou paran, ou ka bezwen mande entimidatè a pou l sispann. Yon senp repons ki pa gen emosyon ladann ki avèti entimidatè a w’ap oubyen ale kote paran li oswa ale lapolis si li kontinye ap sifi.

Kontakte Paran Entimidatè a. Pa ale kote yo fas a fas. Voye yon lèt sètifye ba yo ki gen ladann tout materyèl ou sanble yo, tantatif repete pou mande entimidatè a pou l sispann yo, e di yo si sa kontinye, w’ap kontakte lapolis.

Depoze yon Plent. Cyberbullying vyole Kondisyon Itilizasyon pi fò sit entènèt, ISP e konpayi telefòn mobil. Nan plent ou an, mete mesaj fwasan an e mete enfòmasyon materyèl fwasan yo afiche sou entènèt la. Kenbe yon kopi tout kominikasyon w yo. Swiv etap sa yo lè w’ap fè yon plent:

Si y’ap entimide pitit ou nan email, kontakte ISP entimidatè a. W’ap jwenn ISP a nan adrès email la. Egzanp: MSN se ISP nan adrès email sa a: safetynow@msn.com.

Si yo afiche materyèl la nan yon sit entènèt, ale nan sit la, klike sou “Contact Us” e fè yon plent.

Si entimidatè a ap itilize yon telefòn selilè, swiv nimewo a e kontakte konpayi an.

Kontakte Lekòl ou. Si entimidatè a itilize òdinatè lekòl la pou menase lòt moun, li klè lekòl la kapab pini li. Anplis, lekòl la kapab fè entèkansyon pou l bay sanksyon fòmèl si tèks oswa materyèl yo afiche a e ki te kreye andeyò etablisman lekòl la lakòz latwoublay yon aktivite edikatif kèlkonk.

Kontakte Lapolis. Cyberbullying ki gen ladann menas vyolans, represyon, mesaj tèks deregle oswa mesaj pèsekisyon, pouswit, krim rayizans, oswa kreye ou voye foto pwovokatif sou sèks, ou dwe rapòte tout bagay sa yo bay lapolis.

Èske Pitit ou se yon Entimidatè?

Paran yo dwe vijilan pou wè si pwòp pitit pa yo pa entimidatè. Cyberbullying fwase tout moun e koupab yo dwe responsab zak yo. Yon timoun kapab yon entimidatè si:

- Li chanje ekran òdinatè a vit, diminye ekran an, chanje paj oswa fèmen pwogram nan lè w'ap pase bò kote l.
- Ti fi w la itilize òdinatè a lè tout lòt moun ale dòmi, lè gen mwens gen sipèvizyon.
- Ti gason w lan fache anpil si w pa kite l itilize òdinatè a.
- Ti fi w la ap ri anpil lè l'ap itilize òdinatè a.
- Ti gason w lan refize montre sa l'ap fè nan òdinatè a.
- Ti fi w la ap itilize anpil kont entènèt oswa yon kont ki pa pou li.

—Adapted from www.cyberbullying.us

Pitit ou te Entimide yon lòt Moun

Ke se te ou menm, ke se te yon lòt moun ki dekouvri pitit ou ap entimide yon lòt moun sou entènèt la, aji. Si w pa aji, ou ka responsab nenpòt domaj li koze yon lòt, se kapab ak lajan nan pòch ou pral peye sa. Anplis, gen entimidasyon ki resevwa sanksyon kriminèl. Itilize etap sa yo pou ede w swiv konpòtman pitit ou a:

1. Pale ak pitit ou sou konsekans konpòtman li ka genyen e di li pou li pa chache revany kont sib la oswa kont moun ki pote rapò pou li.
2. Enstale lojisyèl nan òdinatè a imedyatman e kontwòle aktivite pitit ou ap fè nan òdinatè a.
3. Di pitit fi w la li dwe itilize entènèt sèlman nan lekòl li ak lakay la. Si w jwenn l'ap itilize entènèt yon lòt kote, di li w'ap ba li yon pinisyon ki pi di.
4. Kontwòle tout aktivite telefòn selilè e limite itilizasyon entènèt ak telefòn selilè.

—Adapted from *Cyberbullying and Cyberthreat: Responding to the Challenge of Online Social Aggression, Threats, and Distress*, by N.E. Willard, 2007. Champaign, IL, Research Press.

Ki sa y'ap di sou ou sou Entènèt la? Fè Rechèch nan Google sou tèt ou!

Èske w te konnen si w bay moun nimewo telefòn ou sou entènèt, gen yon moun ki ka jwenn aksè nan enfòmasyon w e moun sa a ka jwenn yon plan ki kondi tou dwat lakay ou? Si w vle wè ki enfòmasyon k'ap sikile deyò a sou ou e/oswa sou pitit ou, men kèk lide pou w fè rechèch rapid k'ap koumanse vizit ou sou chemen entènèt la.

- Ale nan Google nan www.google.com
- Ekri tout non w ant gimè (Egzanp: "Alfred Smith") epi klike search. Tout sa ki mache ak non sa a ap parèt.
- Refè rechèch la ak adrès email ou, non IM ou, non jwèt ou ak nimewo telefòn ou—toujou rasire w ou mete sa w'ap chache a ant gimè.
- Answit, swiv menm etap yo te bay pi wo yo pou w fè rechèch google sou timoun ou yo.
- Si w jwenn enfòmasyon ki afiche sou yon pitit ou ki poko gen 13 lane, fè webmaster a konnen sa e mande l pou wetire enfòmasyon sa a. Lalwa sou Pwoteksyon Prive Timoun sou Entènèt (COPRA) mande pou yo wetire enfòmasyon an imedyatman. Men, si enfòmasyon an konsènen timoun ki gen plis pase 13 lane, li ka difisil pou yo wetire l. Koumanse ak webmaster sit la. Abityèlman, ou ka kontakte webmaster a nan [webmaster@\[the web site name/URL\]](mailto:webmaster@[the web site name/URL]). Pa egzanp, webmaster lekòl Polk yo se webmaster@polk-fl.net. Nan demann ou an, ou bezwen mete URL paj ki gen enfòmasyon pèsònèl ou vle wetire a epi yon deklarasyon ki endike ou se moun sa a oswa paran moun sa a. Kopi e kole enfòmasyon nan sit la pou mete nan email ou epi voye you email enfòmasyon an bay tèt ou tou. Rete tann yon semèn, e si w pa resevwa okenn rezilta, voye yon email suivi ki gen ladann tout enfòmasyon ou te deja voye yo ak dat ou te voye orijinal la. Si yon lòt semèn pase san w pa resevwa okenn repons, ou ka email yon gwoup pwoteksyon òdinatè tankou Wired Safety, privacy@wiredsafety.org pou w mande èd.
- Si w jwenn yon sit yo kreye pou pèsekite oswa ki sible w oswa ki sible manm nan fanmi w, prese rele lapolis.

—Adapted with permission from WiredKids, Inc.—stopcyberbullying.org and wiredsafety.org